

**LOI N°1/10 DU 30 MAI 2011 PORTANT
CREATION ET GESTION DES AIRES
PROTEGEES AU BURUNDI**

**IBWIRIZWA INOMERO 1/ 10 RYO KU WA 30
RUSAMA 2011 RISHINGA IBIBANZA BIKINGIWE
MU BURUNDI N'INGENE BITUNGANYWA**

LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

UMUKURU W'IGIHUGU,

Vu la Constitution de la République du Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa Shingiro rya Republika y'Uburundi ;

Vu la Loi N°1/02 du 25 mars 1985 portant Code Forestier du Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/02 ryo ku wa 25 Ntwarante 1985 rishinga Igitabu c'amategeko agenga amashamba mu Burundi ;

Vu la Loi N°1/010 du 30 juin 2000 portant Code de l'Environnement de la République du Burundi ;

Yihweje Ibwirizwa inomero 1/010 ryo ku wa 30 Ruheshi 2000 rishinga Igitabu c'amategeko agenga Ibidukikije mu Burundi ;

Revu le Décret-loi N°1/6 du 3 mars 1980 portant Création des Parcs Nationaux et Réserves Naturelles ;

Yihweje Itegeko bwirizwa inomero 1/6 ryo ku wa 3 Ntwarante 1980 rishinga impongore kama z'igihugu n'uturere kama dukingiwe ;

Le Conseil des Ministres ayant délibéré ;

Inama Nshikiranganji imaze kuvyihweza,

L'Assemblée Nationale et le Sénat ayant adopté ;

Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka zimaze kuvyemeza ;

PROMULGUE :

ATANGAJE :

TITRE I. DISPOSITIONS GENERALES

**IKIGABANE CA MBERE. INGINGO
NGENDERWAKO**

**CHAPITRE I. DES DEFINITIONS DES
TERMES**

IGICE CA MBERE. INSIGURO Y'AMAJAMBO

Article 1 :

Au sens de la présente Loi, on entend par :

Ingingo ya mbere :

Muri iri bwirizwa aya majambo asiguwe uku gukurikira:

1. **Aire protégée** : zone géographiquement désignée, délimitée, réglementée et gérée en vue d'atteindre des objectifs spécifiques de conservation ;

1. **Ikibanza gikingiwe** ni ikibanza kizwi mu gihugu, gifise imbibe, gikingiwe n'amategeko kikaba gitunganijwe kugira ngo hashikwe ku ntumbero zirashe z'ukukibungabunga ;

2. **Aménagement d'une aire protégée** : ensemble des opérations visant à définir les mesures d'ordre technique, économique, juridique et administratif de gestion des aires de conservation en vue de les pérenniser et d'en tirer le maximum de profit ;
3. **Arboretum** : un habitat forestier artificiel ou semi-naturel constitué des essences autochtones utiles, socioculturelles et celles en disparition, ou jouant un rôle dans le maintien du cours d'eau ;
4. **Biodiversité** : variabilité des organismes vivants de toute origine, y compris, entre autres, les écosystèmes terrestres, marins et autres écosystèmes aquatiques et les complexes écologiques dont ils font partie ;
5. **Conservation** : gestion planifiée des ressources naturelles qui a pour but de les utiliser rationnellement et de les protéger contre l'exploitation ou destruction ou la négligence ;
6. **Conservation in situ** : conservation des écosystèmes et des habitats naturels, le maintien et la reconstitution de populations viables d'espèces dans leur milieu naturel et, dans le cas d'espèces domestiquées ou cultivées, dans le milieu où se développent leurs caractères distinctifs ;
7. **Conservation ex-situ** : conservation d'éléments constitutifs de la diversité biologique en dehors de leur milieu naturel ;
2. **Ugutunganya ikibanza gikingiwe** ni ibikorwa vyose bifise intumbero y'ugushinga ingingo zijanye n'ivy'ubuhinga, ubutunzi, amategeko n'intworo mu vyerekeye ugutunganya ibibanza bikingiwe kugira ngo vyameho kandi bivemwo akunguko kenshi gashoboka ;
3. **Igitara kirimwo ubwoko bwinshi bw'ibiti vyatewe** ni ahantu hari ibiti vyatewe canke ivyatewe biri kumwe n'ivyamyeho ngirakamaro, ibiranga imibano n'imico kama hamwe n'ibiriko birahona canke ibifasha mu vyerekeye ugukingira inzuzi ;
4. **Ubudasa n'ubugwirirane bw'ibinyabuzima n'aho biba** ni ibinyabuzima biri kwinshi vyo mu bwoko bwose, harimwo nk'ibiba mu bibanza mparirwabuzima vyo kw'isi, ivyo mu mazi no mu bindi bibanza mparirwabuzima vyo mu mazi hamwe n'urudavagi rw'ibinyabuzima bibamwo
5. **Ukubungabunga** ni ugutunganya ubutunzi kama ku buryo buteguwe neza bikagira intumbero yo kubukoresha hakoreshejwe ubwenge no kubukingira abarenza urugero mu kubwikorako, ababusambura canke ababugirako urwangara ;
6. **Ukubungabungira ikinyabuzima aho gisanzwe kiba** ni ukubungabunga ikibanza mparirwabuzima n'ibibanza kama ibinyabuzima bisanzwe bibamwo, ukugumizaho ubwoko buhakunda n'ukuburokora, kandi mu gihe ari ubwoko bw'ibitungwa canke ibirimwa, mu kibanza ikinyabuzima camenyereye kikanaharonkera akamere gatuma gitandukanywa n'ibindi.
7. **Ukubungabungira ikinyabuzima aho kidasanzwe kiba** ni ukubungabunga bimwe mu bigize ubugwirirane bw'ibinyabuzima ahatari ikibanza kama caco ;

8. **Espèce** : ensemble de populations effectivement ou potentiellement interfécondes (inter fertiles), génériquement isolées du point de vue ensembles équivalents ;
9. **Espèce menacée** : toute espèce de faune ou de flore considérée comme en danger critique d'extinction, en danger ou vulnérable ;
10. **Ecosystème** : complexe dynamique formé de communautés de plantes, d'animaux et de micro-organismes et de leur environnement non vivant qui, par leur interaction, forment une unité fonctionnelle ;
11. **Habitat naturel** : lieu ou type de site dans lequel un organisme ou une population existe à l'état naturel ;
12. **Jardin botanique** : un centre de recherche botanique, ainsi qu'une institution d'éducation, édifié sur un vaste terrain où différents végétaux sont conservés, cultivés, étudiés et exposés au public ;
13. **Jardin zoologique** : un emplacement où sont gardés et présentés des animaux vivants. Il peut s'agir d'échantillons de la faune locale et d'un certain nombre de formes exotiques populaires et instructives ;
14. **Matériel génétique** : matériel d'origine végétale, animale, microbienne ou autre, contenant des unités fonctionnelles de l'hérédité ;
15. **Monument naturel** : une aire contenant un ou plusieurs éléments naturels et culturels particuliers d'importance exceptionnelle ou unique, méritant d'être protégée du fait de sa rareté, de sa représentativité, de ses qualités esthétiques ou de son importance culturelle intrinsèque ;
8. **Ubwoko** ni ibinyabuzima vyose bisanzwe birondokanako (kimwe kironokera ku kindi), bitandukanye n'ibindi binyabuzima mu bijanye n'amatungo nkomoko abigize ;
9. **Ubwoko bugeramiwe bw'ibinyabuzima** ni ubwoko bwose bw'ibikoko canke ibimera bufatwa ko bushobora guhona, bubangamiwe canke bumerewe nabi ;
10. **Ikibanza mparirwabuzima** ni urusobekerane rw'ibiterwa, ibikoko n'utunyabuzima tubonwa na rugagamisha hamwe n'ibibikikije bitari ibinyabuzima, uko bikeneraniye vyose bigize ikintu magiriranire ;
11. **Ikibanza kama c'ikinyabuzima** ni ikibanza canke ubwoko bw'ahantu harimwo ikinyabuzima canke ibinyabuzima bisanzwe vyiberamwo ;
12. **Umurima uranga ibimera** ni ikigo kigirirwamwo ubushakashatsi mu vyerekeye ibimera ukaba urangurirwamwo ibijanye n'ubumenyi uri mu karere kanini, aho ibimera bitandukanye vyinshi bibikwa, birimwa, bigirwako ivyigwa kandi abantu bagashobora kuhagenda ;
13. **Iyororero ry'ibikoko** ni ahantu bacungerera bakongerera bakerekanira ibikoko bizima. Bishobora kuba ivyo kurabirako ubwoko bw'ibikoko vyo mu gihugu n'ubwa bimwe mu bikomoka mu mahanga bizwi, bikundwa na bese kandi bikoreshwa mu kwigisha ;
14. **Agahimba nkomoko** ni agahimba k'ikimera, k'igikoko, k'umukorobi canke ko ku kindi kinyabuzima harimwo ivyo vyose bikomoka ku bwoko bwaco ;
15. **Icibutso kama** ni akarere karimwo ikintu kimwe canke ibintu vyinshi kama canke ndangakaranga bifise akamaro kadasanzwe canke ata handi biri bikeneye gukingirwa kubera bidakunda kuboneka, kubera ico vyibutsa, bishariza canke akamaro kavyo mu vyerekeye akaranga ;

16. **Parc national** : zone naturelle, terrestre ou lacustre, désignée :
- pour protéger l'intégrité écologique dans un ou plusieurs écosystèmes pour le bien des générations actuelles et futures;
 - pour exclure toute exploitation ou occupation incompatible avec les objectifs de la désignation ;
 - pour offrir des possibilités de visite, à des fins scientifiques, éducatives, spirituelles, récréatives ou touristiques, tout en respectant le milieu naturel et la culture des communautés locales ;
17. **Paysage lacustre ou terrestre protégé** : une zone terrestre englobant parfois la côte et le lac, dont le paysage possède des qualités esthétiques, écologiques ou culturelles particulières, résultant de l'interaction ancienne de l'homme et de la nature, et présentant souvent une grande diversité biologique. Le maintien de l'intégrité de cette interaction traditionnelle est essentiel à la protection, au maintien et à l'évolution d'une telle aire ;
18. **Plan d'aménagement** : document contenant la description, la programmation et le contrôle de l'aménagement d'une aire protégée dans le temps et dans l'espace ;
19. **Produit** : toute partie ou dérivé d'un spécimen ;
20. **Réserve** : aire protégée en raison de son intérêt écologique et où les activités humaines sont, en principe, réglementées ;
16. **Uruhongore kama rw'igihugu** ni akarere kama kari kw'isi canke mu kiyaya, gashingwa :
- mu ntumbero yo gukingira imibereho y'ibinyabuzima n'aho biba mu kibanza kimwe canke mu bibanza mparirwabuzima vyinshi ku neza y'abantu bariho n'abazovuka ;
 - mu ntumbero yo kubuza ikorehwa ryose ry'ako karere canke ukukabamwo mu gihe biteye kubiri n'ivyagenewe ako karere ;
 - mu ntumbero yo kworohereza abashaka kugendera ako karere ku mvo z'ubushakashatsi, z'ubumenyi, z'ukwemera, z'ukwinezereza canke ibijanye n'ingenzi, ivyo vyose bikagirwa hubahirijwe akarere kama n'akaranga k'abanyagihugu baba mu micungararo.
17. **Akarere k'ikiyaga n'inkengera zaco bikingiwe** ni akarere kagizwe n'ikiyaya n'inkengera zaco hakaba ari ahantu hashariye hatuma imibereho y'ibinyabuzima n'aho biba imera neza, hafise akaranga hisangije bikomoka mu bikorwa umuntu yahakoreye kera bikunda kwerekana ubudasa bw'ibinyabuzima. Ukubungabunga ivyahakorewe kera vyose birakenewe kugira ngo ako karere gakingirwe, kabungabungwe kongere gatezwe imbere ;
18. **Umugambi wo kuringaniza ikibanza gikingiwe** ni urwandiko rusigura ido n'ido, rugategekanya indinganizo n'isuzuma ry'itunganywa ry'ikibanza gikingiwe igihe cose na hose ;
19. **Icimbuwe** ni igihimba cose co ku kinyabuzima c'akarorero canke ico gihinguwemwo ;
20. **Akarere gakingiwe** ni ikibanza gikingiwe bivuye ku kamaro gifitiye ibidukikije kandi mu bisanzwe ibikorwa abantu bahakorera bikurikiza amategeko ;

21. **Réserve naturelle intégrale** : un espace terrestre ou lacustre, comportant des écosystèmes, des éléments géologiques ou physiographiques ou encore des espèces remarquables ou représentatives, administré principalement à des fins de recherche scientifique et de surveillance continue de l'environnement ;
22. **Réserve naturelle sauvage** : un vaste espace terrestre ou lacustre, intact ou peu modifié, ayant conservé son caractère naturel, dépourvu d'habitation permanente ou importante, protégé et géré dans le but de préserver son état naturel ;
23. **Réserve naturelle gérée pour l'habitat, la faune ou la flore** : une aire terrestre ou lacustre faisant l'objet d'une intervention active quant à sa gestion, de façon à garantir le maintien des habitats ou à satisfaire aux exigences d'espèces particulières. Des ranches à gibier, de domaines de chasse ou des plantations pour médicaments traditionnels entrent dans cette catégorie d'aire protégée ;
24. **Réserve de gestion des ressources naturelles** : une aire contenant des systèmes naturels, en grande partie non modifiés, gérée de façon à assurer la protection et le maintien à long terme de la diversité biologique, tout en garantissant la durabilité des fonctions et des produits naturels nécessaires au bien-être de la communauté ;
25. **Ressources naturelles** : ressources naturelles renouvelables, tangibles ou non tangibles, notamment les sols, les eaux, la flore ainsi que les ressources non renouvelables ;
21. **Akarere kama gakingiwe** ni ikibanza kiri kw'isi canke mu kiyaga kigizwe n'ibibanza mparirwabuzima bimwebimwe mu bigize agataka canke ivyerekana ingene ubuzima bw'ibinyabuzima bumeze canke kirimwo kandi ubwoko bw'ibinyabuzima budasanze canke bwinshi kigenewe canecane ubushakashatsi n'ukwama gikurikiranirwamwo ibidukikije ;
22. **Akarere kama gakingiwe k'igishambazi** ni ikibanza kiri kw'isi canke mu kiyaga, kitarigera gikomwakomwa canke ata cahindutse kinini kuri co cagumanye kamere kaco, ata mihana yamaho canke hatagira imihana myinshi, gikingiwe kandi gitunganywa mu ntumbero y'ukubungabunga kamere kaco ;
23. **Akarere kama gakingiwe gatunganirijwe ibikoko canke ibimera n'aho biba** ni akarere kari kw'isi canke mu kiyaga, itunganywa ry'ako rigasaba kwitanga kugira habungabungwe aho ibikoko n'ibimera biba canke hakorwe ibisabwa kugira ubwoko bumwebumwe bw'ibinyabuzima bukingirwe. Amararo y'ibikoko bihigwa, ibibanza bigirirwamwo uruhigi canke imirima y'ibivamwo imiti y'ikirundi bishirwa mu murwi w'ikibanza gikingiwe ;
24. **Akarere gakingiwe gatunganirizwamwo amatungo kama** ni akarere karimwo ubwoko n'imiryango kama y'ibinyabuzima, ahanini bitigeze bihinduka, bitunganywa ku buryo bituma hakingirwa hakongera hakabungabungwa muri kazoza ubudasa n'ubugwirirane bw'ibinyabuzima n'aho biba, ariko hakaguma hitwararikwa ibihakorerwa n'ibihimbuka kama bikenewe kugira abanyagihugu babeho neza ;
25. **Amatungo kama** ni amatungo yibwira, afadika canke adafadika nk'amasi, amazi ,ibimera hamwe n'amatungo adafadika ;

26. **Ressources biologiques** : ressources génétiques, les organismes ou éléments de ceux-ci, les populations, ou tout autre élément biotique des écosystèmes ayant une utilisation ou une valeur effective ou potentielle pour l'humanité ;
27. **Ressources génétiques** : ressources d'origine végétale, animale, microbienne ou autre, contenant des unités fonctionnelles de l'hérédité et ayant une valeur effective ou potentielle ;
28. **Site** : aire géographique définie dont la surface est clairement délimitée ;
29. **Spécimen** : tout animal, plante ou organisme vivant ou mort ;
30. **Utilisation durable** : utilisation des éléments constitutifs de la diversité biologique d'une manière et à un rythme qui n'entraînent pas leur appauvrissement à long terme et sauvegarde ainsi le potentiel pour satisfaire les besoins et les aspirations des générations présentes et futures ;
31. **Zone tampon** : une région jouxtant une aire protégée dans laquelle les activités sont partiellement limitées pour assurer une protection supplémentaire à l'aire protégée tout en apportant des avantages non négligeables aux communautés rurales du voisinage.
26. **Amatungo y'ibinyabuzima**, ni amatungo nkomoko y'ibinyabuzima, ibinyabuzima canke ibihimba vyavyo, ibiba ahantu canke ikindi kintu co ku kinyabuzima mu bibanza mparirwabuzima bifise agaciro nyako canke bishobora kugirira akamaro abantu ;
27. **Amatungo nkomoko y'ibinyabuzima** ni amatungo akomoka ku vyimeza, ibikoko, imikorobi, canke arimwo ibindi bintu vyo ku binyabuzima vyerekana aho akomoka kandi bifise agaciro nyako canke bizokagira ;
28. **Ikibanza** ni akarere gatomowe neza kandi uburinganire bwako bwerekanwa neza ;
29. **Ibifatirwako akarorero** ni igikoko cose, icimeza cose canke ikindi kinyabuzima cose kizima canke gipfuye ;
30. **Ikoreshwa rirama ry'ibinyabuzima** ni ugukoresha ibigize ubudasa bw'ibinyabuzima ku buryo bidatuma bihona n'ukubibungabunga kugira bizokoreshe n'abariho ubu hamwe n'abazovuka ;
31. **Akarere gatandukanya ikibanza gikingiwe n'ibindi bibanza** ni akarere gafatanye n'ikibanza gikingiwe kirangurirwamwo ibikorwa bibayabaye kugira ico kibanza gikingirwe gusumba bigatuma abanyagihugu bahegereye bahungukira bimwe biboneka.

CHAPITRE 2. DE LA CREATION DES AIRES PROTEGEES AU BURUNDI

Article 2 :

Une partie du territoire peut être classée par Décret en "aire protégée" lorsque la conservation de la faune, de la flore, du sol, de l'atmosphère, des eaux et, en général, du milieu naturel présente un intérêt spécial et qu'il importe de le préserver contre tout effet de dégradation naturelle et de le soustraire à toute intervention artificielle susceptible d'en altérer l'aspect, la composition et l'évolution.

Dans le cadre de la coopération sous-régionale, l'Etat participe, à travers des accords bilatéraux ou multilatéraux, à la création et à la gestion concertée des aires protégées transfrontalières en vue notamment de la conservation des habitats naturels, de la protection des espèces de faune et de flore sauvages, du développement de la recherche et du tourisme.

Article 3 :

Le classement en aire protégée peut affecter le domaine public ou privé, lacustre ou terrestre.

A ce titre, sont pris en considération :

- 1) la préservation sur tout ou partie du territoire national d'espèces animales ou végétales et d'habitat en voie de disparition ou présentant des qualités exceptionnelles;
- 2) la reconstitution des populations animales ou végétales ou de leurs habitats ;
- 3) le maintien des jardins botaniques ou zoologiques et arboretums constituant des réserves d'espèces végétales ou animales en voie de disparition, rares ou, d'un intérêt scientifique ou économique indéniable ;

IGICE CA II. IVYEREKEYE UGUSHINGA IBIBANZA BIKINGIWE MU BURUNDI

Ingingo ya 2 :

Igice c'akarere k'igihugu kinaka gashirwa mu murwi w'ibibanza bikingiwe mu gihe ukubungabunga ibikoko, ibimera, isi, ikirere, amazi, ibidukikije muri rusangi, bifise akamaro kadasanzwe kandi bikenewe gukingirwa ico cose cotuma vyononekara canke kubikingira ico cose coza gihindura uko ibidukikije bimeze, ibibigize hamwe n'icobibuza gutera imbere.

Mu vyerekeye ugufashanya mu karere, Reta, ibicishije mu masezerano igirana n'ikindi gihugu, iragira uruhara mu gushinga no mu gutunganya mu mwumvikano ibibanza bikingiwe biri hirya no hino y'imbibe z'ibihugu mu ntumbero y'ukubungabunga ibibanza kama vy'ibinyabuzima, ugukingira ubwoko bw'ibikoko n'ibimera vyo mw'ishamba n'uguteza imbere ubushakashatsi n'ivyerekeye ingenzi.

Ingingo ya 3 :

Ugushira mu mirwi ibibanza bikingiwe bishobora kwerekera amatongo ya Reta canke amatongo afise beneyo, agizwe n'amazi canke agataka.

Kubera ivyo, hisungwa ibikurikira :

- 1) ugukingira, ku butaka bwose bw'Uburundi canke ku gice cabwo, ubwoko bw'ibikoko canke ibimera n'aho biba biri ku mushiro canke ahafise ibiharanga vyiza bidasanzwe ;
- 2) ukwokora ibikoko canke ibimera canke aho biba ;
- 3) ukugumizaho imirima iranga ibimera canke amorerero y'ibikoko hamwe n'ibitara vy'ibiti mvamahanga canke bidakunda kuboneka bigize uturere dukingirwa tw'ibimera n'ibikoko biri ku mushiro, vy'imbonekarimwe canke bifise akunguko nyakuri mu vy'ubushakashatsi canke ubutunzi ;

- | | |
|--|---|
| 4) la préservation ou la constitution d'étapes sur les grandes voies de migration de la faune sauvage ; | 4) ugukingira canke ugushinga aho ibikoko vy'ibinyeshamba biruhukira ku nzira bicamwo biriko biragisha. |
| 5) la préservation des sites pour les études scientifiques ou techniques indispensables au développement de connaissances humaines ; | 5) ugukingira ibibanza vy'ivyigwa vy'ubushakashatsi canke vy'ubuhinga nkenerwa mw'iterambere ry'ubumenyi. |
| 6) la préservation des biotopes et des formations géologiques, géomorphologiques ou spéléologiques remarquables ; | 6) ugukingira aho ibinyabuzima biba, ibigize agataka, imero y'isi n'ibinego biri mu nda y'isi canke vyibonekeza ; |
| 7) le maintien des terres sur les montagnes et sur les pentes et la défense contre les érosions et les envahissements des eaux ; | 7) ukugumiza ivu ku misozi n'utubande n'ukurwanya inkukura n'imyuzurira ; |
| 8) la conservation de paysages lacustres hébergeant une faune et une flore aquatiques exceptionnelles ; | 8) ukubungabunga uturere tw'ibiyaga dutunze ibikoko vyo mu mazi n'ibimera vyo mu mazi bidasanze ; |
| 9) la préservation de l'équilibre écologique de certaines parties du territoire. | 9) ugukingira imibano y'ibinyabuzima mu bibanza mparirwabuzima mu bice bimwebimwe vy'igihugu. |

Article 4 :

La conservation des éléments constitutifs de la diversité biologique peut être assurée en dehors de leurs habitats naturels, notamment dans les jardins zoologiques et botaniques, les arboreta et les sanctuaires de faune.

Ingingo ya 4 :

Ukubungabunga ubudasa bw'ibinyabuzima bishobora kugirirwa ahatari mu bibanza kama bibamwo, nko mw'iyororero ry'ibikoko bitandukanye n'imirima irimwo ubwoko bwinshi bw'ibimera, ibitara birimwo ubwoko bwinshi bw'ibiti vyatewe n'ibanza bihariwe ibikoko.

TITRE II. REGIME JURIDIQUE DES AIRES PROTEGEES.

IKIGABANE CA II. AMATEGEKO YEREKEYE UTURERE DUKINGIWE

CHAPITRE I. DE LA PROTECTION DES ESPECES ANIMALES ET VEGETALES.

IGICE CA I. IVYEREKEYE UGUKINGIRA UBWOKO BW'IBIKOKO N'IBIMERA

Section 1. De la protection des oiseaux

Agace ka 1. Ugukingira inyoni

Article 5 :

Sans préjudice des dispositions du Code de l'Environnement relatives à la protection des espèces animales ou végétales, sont intégralement protégés tous les oiseaux appartenant aux espèces vivant naturellement à l'état sauvage y compris leurs sous-espèces, races ou variétés ainsi que les oiseaux hybridés avec une de ces espèces.

Ingingo ya 5 :

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ibidukikije vyerekeye ugukingira ubwoko bw'ibikoko n'ibimera, harakingirwa ku rugero nyarwo inyoni zose ziri mu bwoko buba mw'ishamba harimwo n'ibice n'imirwi mitomito yabwo uko zisa canke uko zitandukanye hamwe n'inyoni zavutse ku bwoko butandukanye.

Cette protection implique l'interdiction de :

Uko gukingira inyoni bisaba kubuza ibi :

- | | |
|--|---|
| <ol style="list-style-type: none"> 1) prélever, chasser, capturer, harceler ou tuer délibérément les oiseaux dans l'aire protégée quelle que soit la méthode employée ; 2) perturber intentionnellement les oiseaux, notamment durant la période de reproduction pour autant que cette perturbation ait un effet significatif au regard des objectifs de conservation ; 3) détruire, endommager, enlever ou ramasser leurs œufs ou en modifier la position dans les nids ; 4) détenir, céder, vendre, acheter ou transporter : <ul style="list-style-type: none"> - les oiseaux ou leurs œufs ; - leurs plumes ou toute partie de l'oiseau ; - tout produit facilement identifiable obtenu à partir de l'oiseau ou tout produit dont l'emballage ou la publicité annonce contenir des spécimens appartenant à l'une des espèces protégées. | <ol style="list-style-type: none"> 1) gukura, guhiga, gufata, gutuza canke kwica n'impaka inyoni hakoreshejwe uburyo ubwo ari bwo bwose ; 2) kuburabuza n'impaka inyoni canecane mu gihe c'ukuyara kandi uko kuburabuza inyoni bikaba bifise inkurikizi ziboneka ku migambi y'ukubungabunga inyoni ; 3) kumena, kwonona amagi yazo, kuyatwara canke kuhindura uko yarateretse mu vyari ; 4) gutunga, gutanga, kugurisha, kugura canke kwunguruza : <ul style="list-style-type: none"> - inyoni n'amagi yazo ; - amababa yazo canke ikindi gice cose c'inyoni; - ikindi cose kiboneka kivuye ku nyoni canke ikindi cose ari igitekera ibidandazwa canke ikibimenyekanisha kikaba kiriko ubwoko bw'ibikoko biri mu bukingiwe. |
|--|---|

Section 2. De la protection des mammifères, amphibiens, reptiles, poissons et invertébrés **Agace ka 2. Ugukingira ibikoko vyonsa, ibishobora kuba mu mazi no ku musozi, ibinyogomba, ifi n'ibitagira amagufa**

Article 6 :

Sans préjudice des dispositions du Code de l'Environnement relatives à la protection des espèces animales ou végétales, sont intégralement protégées les espèces de mammifères, amphibiens, reptiles, poissons et invertébrés :

- 1) considérées par les Conventions Internationales comme menacées ;
- 2) considérées par l'organisme gestionnaire des aires protégées comme menacées au Burundi.

Cette protection implique l'interdiction de :

- 1) prélever, chasser, pêcher, capturer ou tuer intentionnellement des spécimens de ces espèces dans la nature ;
- 2) perturber intentionnellement ces espèces ;
- 3) détruire intentionnellement ou ramasser dans la nature ou détenir des œufs de ces espèces ;
- 4) détériorer ou détruire les sites de reproduction, les aires de repos ou tout habitat naturel où vivent ces espèces à un des stades de leur cycle biologique ;
- 5) détenir, transporter, échanger, vendre ou acheter, offrir aux fins de vente ou d'échange, céder à titre gratuit les spécimens de ces espèces prélevés dans la nature ;
- 6) exposer dans les lieux publics les spécimens.

Ingingo ya 6 :

Hatirengagijwe ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ibidukikije vyerekeye ugukingira ubwoko bw'ibikoko n'ibimera, harakingirwa bikwiye ibikoko vyo mu bwoko bwonsa, ibishobora kuba mu mazi no ku musozi, ibinyogomba, ifi n'ibitagira amagufa:

- 1) bifatwa ko bibangamiwe hisunzwe amasezerano mpuzamakungu avyerekeye;
- 2) bifatwa n'igisata kijejwe gutunganya ibibanza bikingiwe ko bibangamiwe;

Uko gukingira ubwoko bw'ibikoko bisaba kubuza ibi bikurikira :

- 1) gukura, guhiga ubwo bwoko bw'ibikoko mw'ishamba, kubiroba, kubitega canke kuvyica n'impaka ;
- 2) kuburabuza n'impaka ubwo bwoko bw'ibikoko ;
- 3) kumena n'impaka canke kwandura amagi y'ubwo bwoko bw'ibikoko ari mu mashamba ;
- 4) kwonona aho ivyo bikoko bivyaririra, ibibanza biruhukiramwo canke aho birara ku rugero rw'aho biba bigeze mu gukura ;
- 5) gufata, gutwara ubwoko bw'ivyo bikoko kubitanga kugira uronke ibindi bintu, kubigurisha canke kubigura, kubitanga mu ntumbero yo kubidandaza canke kugira uronke ibindi bintu, kubitanga ataco usavye ;
- 6) kubishira mu bibanza bigenderwa na bose.

Les interdictions visées à l'alinéa 2, points 1, 2 et 3, ne s'appliquent pas à la détention temporaire d'amphibiens ou de leurs œufs à des fins pédagogiques ou de recherche scientifique.

Ibibujijwe vyavuzwe mu gahimba ka 2, akarongo ka 1 aka 2 n'aka 3 ntibijanye n'ugufata ibikoko bishobora kuba mu mazi no ku musozi canke amagi yavyo mu ntumbero yo kubigirako ivyigwa n'ubushakashatsi.

Section 3. De la protection des espèces végétales

Agace ka 3. Ugukingira ubwoko bw'ibimera

Article 7 :

Sans préjudice des dispositions du Code de l'Environnement relatives à la protection des espèces animales ou végétales, sont intégralement protégées, à tous les stades de leur cycle biologique, les espèces végétales :

Ingingo ya 7 :

Hatirengagijwe ibitegekaniywe mu Gitabu c'amategeko agenga ibidukikije vyerekeye ugukingira ubwoko bw'ibikoko n'ubw'ibimera, harakingirwa bikwiye, ku rugero rwose rw'ingene ibimera bikura, ubwoko bw'ibimera:

- 1) considérées par les Conventions Internationales comme menacées ;
- 2) considérées par l'organisme gestionnaire des aires protégées comme menacées au Burundi.

- 1) bufatwa ko bubangamiwe hisunzwe amasezerano mpuzamakungu;
- 2) bufatwa n'igisata kijejwe gutunganya ibibanza bikingiwe ko bibangamiwe;

Cette protection implique l'interdiction de :

Ukwo gukingira ibimera gutuma habuzwa ibi bikurikira :

- 1) couper, déraciner ou détruire intentionnellement des spécimens de ces espèces dans la nature ;
- 2) détenir, transporter, vendre ou acheter des spécimens de ces espèces prélevées dans la nature, sous réserve des exceptions établies en application de la législation forestière ;
- 3) détériorer ou détruire intentionnellement les habitats naturels dans lesquels la présence de ces espèces est établie.

- 1) guca, kurandura canke kwonona n'impaka ubwoko bw'ibimera ;
- 2) kugumya, gutwara ubwoko bw'ibimera bwakuwe mw'ishamba, kubugurisha canke kubugura hatirengagijwe ibiterekewe n'amategeko yerekeye amashamba ;
- 3) kwonona canke gusambura n'impaka ahari ubwoko bw'ibimera.

Les interdictions ne s'appliquent pas aux opérations d'aménagement, de gestion et d'entretien du site en vue de maintenir les espèces et habitats dans un état de conservation favorable. Elles ne s'appliquent pas non plus aux prélèvements autorisés par le gestionnaire des aires protégées en vue d'assurer, à des fins scientifiques, la conservation ex-situ des espèces prélevées dans le cadre de la constitution des jardins botaniques ou arboretums conformément aux dispositions du Code de l'Environnement relatives à la constitution de jardins botaniques ou arboretums.

Section 4. De la protection contre les espèces exotiques

Article 8 :

Sans préjudice des dispositions du Code de l'Environnement relatives à l'introduction de nouvelles espèces animales ou végétales, le Ministre ayant la conservation de la nature dans ses attributions prend les mesures nécessaires en vue d'empêcher l'introduction des espèces exotiques qui menacent des écosystèmes, des habitats et/ou des espèces.

CHAPITRE II. DE LA GOUVERNANCE DES AIRES PROTEGEES AU BURUNDI

Article 9 :

Les types de gouvernance des aires protégées reconnus sont les suivants :

- 1) les aires protégées gérées par l'Etat ;
- 2) les aires protégées cogérées ;
- 3) les aires protégées gérées par des privés ;
- 4) les aires protégées gérées par des communautés.

Ibibuzwa ntivyerekera ibikorwa vy'ugutegura, ugutunganya n'ukubungabunga ikibanza mu ntumbero y'ukubungabunga ubwoko bw'ibimera n'aho biba. Ntivyerekera kandi ibikuwe mw'ishamba hatanzwe uruhusha n'uwujewe gutunganya ibibanza bikingiwe haba mu ntumbero y'ubuhinga, kubibungabungira ahatari ibibanza biteguriwe ibimera mu ntumbero yo kurima ibimera canke ibitara vy'ibiti mvamahanga canke bidakunda kuboneka hisunzwe ibitegekanijwe n'Igitabu c'amategeko agenga ibidukikije vyerekeye ugushiraho imirima irata ibinyabuzima bimera canke imirima irata ibiti.

Agace ka 4. Ugukinga iyinjizwa ry'ibimera mvamahanga

Ingingo ya 8 :

Hatirengagijwe ibitegekanijwe n'Igitabu c'amategeko agenga ibidukikije mu bijanye n'ukwinjiza ubwoko bushasha bw'ibikoko canke ubw'ibimera, Ubushikirananganji bujewe kubungabunga amashamba burafata ingingo zibereye kugira bubuze iyinjizwa ry'ubwoko bw'ibimera mvamahanga bubangamira ibibanza mparirwabuzima n'ubwoko bw'ibinyabuzima.

IGICE CA II. INGENE HATWARWA UTURERE DUKINGIWE MU BURUNDI

Ingingo ya 9 :

Imirwi yemewe uturere dukingiwe dutwarwamwo ni iyi ikurikira:

- 1) ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta;
- 2) ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta hamwe n'abanyagihugu;
- 3) ibibanza bikingiwe bitunganywa n'abikorera utwabo;
- 4) ibibanza bikingiwe bitunganywa n'abanyagihugu.

Section 1. La gouvernance des aires protégées gérées par l'Etat

Article 10 :

La gouvernance des aires protégées gérées par l'Etat est une gouvernance dans laquelle un corps gouvernemental, tel qu'un ministère ou une agence para-étatique rend compte directement au Gouvernement. Le ministère ou l'agence para-étatique possède l'autorité et la responsabilité de gestion et en rend compte à l'Etat.

Dans la gouvernance étatique, l'Etat garde la pleine propriété de la terre et le contrôle de l'aire protégée.

L'Etat délègue la gestion des aires protégées de gouvernance étatique à l'organisme en charge de la conservation de la nature.

Article 11 :

La mission de l'organisme en charge de la conservation de la nature consiste à :

- 1) désigner le gestionnaire de l'aire protégée ;
- 2) gérer au quotidien l'aire protégée ;
- 3) identifier les bailleurs et les partenaires de protection ;
- 4) mettre en place un mécanisme de financement opérationnel ;
- 5) résoudre les conflits éventuels.

Section 2. La gouvernance des aires protégées cogérées par l'Etat et les populations riveraines

Article 12 :

La gouvernance des aires protégées cogérées par l'Etat et les populations riveraines est une gouvernance en partenariat entre l'Etat et les populations riveraines où l'Etat reste propriétaire terrien et responsable de la gestion au quotidien de l'aire protégée.

Agace ka 1. Ingene hatwarwa ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta

Ingingo ya 10 :

Ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta bitwarwa n'urwego rwa Reta nk'ubushikiranganji canke igisata cegamiye Reta rushikiriza Reta ivyo rukora atawe ruciyeko. Ubushikiranganji canke igisata cegamiye Reta ni co gifise ububasha bw'ugutwara n'ugutunganya ivyo bibanza bikingiwe kikongera kigashikiriza Reta ivyerekeye iryo tunganywa.

Mu bibanza bitunganywa na Reta, Reta igumana uburenganzira bwose kw'itongo kandi ikagenzura ikibanza gikingiwe.

Reta ishingira itunganywa ry'ibibanza bikingiwe bitwarwa na Reta ikigo c'igihugu kijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza.

Ingingo ya 11 :

Umurimo w'ikigo kijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza werekeye nk'ibi bikurikira :

- 1) kugena uwujwe gutunganya ikibanza gikingiwe ;
- 2) kwama gitunganya ikibanza gikingiwe ;
- 3) gutororokanya abatanga uburyo n'abafasha mu gukingira utwo turere ;
- 4) gushiraho uburyo butuma amafaranga akoreshwa aguma aboneka ;
- 5) gutatura amatati ashobora kwaduka.

Agace ka 2. Ingene hatwarwa ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta hamwe n'abanyagihugu bo mu micungararo yatwo

Ingingo ya 12 :

Ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta hamwe n'abanyagihugu bo mu micungararo yavyo bitwarwa na Reta ifadikanije n'abo banyagihugu ariko Reta ikaba ari yo iganza agataka kaho kandi ikaba ari na yo ijejwe kwama itunganywa ico kibanza gikingiwe.

Article 13 :

Un comité d'appui composé d'agents de l'organisme en charge de la conservation de la nature, des agents de l'administration locale et des représentants élus des populations riveraines est mis en place pour chaque aire protégée cogérée.

Un règlement d'ordre intérieur est établi pour le bon fonctionnement des comités d'appui de chaque aire protégée cogérée.

Article 14 :

Le système de participation des communautés locales dans les activités de gestion de l'aire en cogestion se fait notamment à travers l'organisation des associations, des groupements ou autres sous-comités collinaires.

Article 15 :

Des memoranda d'accords sont signés chaque fois que de besoin entre l'organisme en charge de la conservation de la nature et les communautés pour améliorer leur cadre de participation dans une activité spécifique ayant un objectif bien défini.

Article 16 :

Dans le cadre de cogestion, le mandat de l'organisme en charge de la conservation de la nature dans ses attributions consiste à:

- 1) désigner le gestionnaire de l'aire protégée par l'organisme ayant la conservation de la nature dans ses attributions ;
- 2) gérer au quotidien les aires protégées ;
- 3) identifier les bailleurs ;
- 4) mettre en place un mécanisme de financement opérationnel ;
- 5) résoudre les conflits éventuels.

Ingingo ya 13 :

Ikomite ifasha igizwe n'abakozi b'ikigo kijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza, abakozi bo mu rwego rw'intwaro yo mu karere n'abantu batorwa mu banyagihugu bo mu micungararo y'ico kibanza irashirwaho ku kibanza cose gikingiwe gitunganyijwe na Reta n'abanyagihugu.

Amategeko ntunganyabikorwa arashingwa kugira amakomite afasha yo mu kibanza cose gikingiwe akore neza.

Ingingo ya 14 :

Ugushira abanyagihugu mw'itunganywa ry'ikibanza gikingiwe gitunganywa n'ikigo kibijejwe gifadikanije n'abanyagihugu bica canecane mu gushinga amashirahamwe canke amakomite matomato yo ku mitumba.

Ingingo ya 15 :

Inzandiko z'amasezerano hagati y' ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza n'abanyagihugu zirashirwako igikumu igihe cose bikenewe kugira ivyo abanyagihugu baterera mu kurangura igikorwa gifise intumbero itomoye birushirizeho gukorwa neza.

Ingingo ya 16 :

Mu karere gakingiwe gatunganywa n' ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza gifadikanije n'abanyagihugu, ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza rijejwe ibikurikira :

- 1) kugena uwujejwe gutunganya ikibanza gikingiwe n' ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza;
- 2) kwama gitunganya ibibanza bikingiwe ;
- 3) gutororokanya abatanga uburyo ;
- 4) gushiraho uburyo butuma amafaranga akoreshwa aguma aboneka kugira ibikorwa bibandanye birangurwa ;
- 5) gutatura amatati ashobora kwaduka.

Article 17 :

Dans le cadre de la cogestion, le mandat des populations et communautés locales est le suivant:

- 1) assurer la concertation et la participation de tous les concernés dans les activités de conservation ;
- 2) inciter toutes les couches de la population à participer dans l'activité de conservation ;
- 3) appuyer les responsables de gestion de l'aire protégée dans la gestion et planification des activités de la réserve ;
- 4) assurer la résolution de conflits entre communautés et l'aire protégée ;
- 5) servir de chambre pour recueillir les doléances et dénonciations ;
- 6) donner rapport au gestionnaire de l'aire protégée et à l'organisme en charge de la conservation de la nature ;
- 7) servir comme porte étendard dans les autres entités administratives ;
- 8) participer dans la désignation des personnes susceptibles de devenir membres du conseil d'administration de l'organisme en charge de la conservation de la nature.

Article 18 :

Un représentant des communautés riveraines des aires protégées en cogestion est élu par les comités d'appui pour être proposé comme membre du conseil d'administration de l'organisme en charge de la conservation de la nature.

Ingingo ya 17 :

Mu karere gakingiwe gutunganywa n'ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza, abanyagihugu bose n'imirwi y'abanyagihugu bafise ico bahuriyeko b'aho hantu bajejwe ibi bikurikira :

- 1) gutuma abo vyega bose baja inama kandi bakagira uruhara mu bikorwa vy'ukubungabunga uturere dukingwiwe ;
- 2) guhimiriza abanyagihugu bose ngo bagire uruhara mu bikorwa vy'ukubungabunga uturere dukingwiwe ;
- 3) gufasha abajejwe gutunganya ikibanza gikingiwe gutunganya n'ugutegekanya ibikorwa vy'ako karere ;
- 4) gutatura amatati ari hagati y'imirwi y'abanyagihugu bafise ico bahuriyeko b'aho hantu n'ikibanza gikingiwe ;
- 5) kuba urwego rwakira ivyipfuzo n'ibirego ;
- 6) kumenyesha icegeranyo uwujejwe gutunganya ikibanza gikingiwe hamwe n'ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza ;
- 7) kubera urumuri izindi nzego z'ubutegetsi ;
- 8) kugira uruhara mw'igenwa ry'abashobora kuja mu rwego nshingwantwaro rw'ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza .

Ingingo ya 18 :

Uwuserukira abanyagihugu bo mu micungararo y'ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta ifadikanije n'abanyagihugu atorwa n'amakomite kugira ashirwe mu bagize Urwego nshingwantwaro rw'ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza.

Section 3. La gouvernance des aires protégées gérées par le privé

Article 19 :

La gouvernance des aires protégées gérées par le privé est une gouvernance de gestion privée qui concerne les aires protégées privées à l'instar des arboretums, des aires gérées pour l'habitat, la faune ou la flore comprenant des ranches à gibier, des zones de chasse ou des plantations pour médicaments traditionnels.

Dans ce type de gouvernance, le privé est propriétaire terrien et responsable de la gestion.

Article 20 :

Quand l'aire protégée privée est identifiée et créée dans un milieu où les intérêts populaires sont touchés, le privé doit avoir un mémorandum de collaboration avec les communautés locales et l'organisme en charge de la conservation de la nature.

Article 21 :

Le gestionnaire de l'aire protégée privée rend compte à l'Etat de sa gestion et de l'efficacité des efforts de conservation. Il soumet à cet effet des rapports annuels et réguliers à l'organisme en charge de la conservation de la nature.

Section 4. La gouvernance des aires protégées gérées par les communautés

Article 22 :

La gouvernance des aires protégées gérées par les communautés est un type de gestion communautaire des aires protégées dans lequel l'autorité et la responsabilité dépendent des communautés locales.

Agace ka 3. Ingene hatwarwa ibibanza bikingiwe bitunganywa n'abikorera utwabo

Ingingo ya 19 :

Ibibanza bikingiwe bitunganywa n'abikorera utwabo bitwarwa mu buryo abikorera utwabo batunganya ibibanza bikingiwe vyabo nk'ibitara birimwo ubwoko bwinshi bw'ibiti vyatewe, ibikoko canke ibimera n'aho biba harimwo amararo y'ibikoko bihigwa, ibibanza vyo guhigamwo canke imirima y'ibivamwo imiti y'ikirundi.

Mu kibanza gikingiwe gitunganywa n'abikorera utwabo, uwikorera utwiwe ni we nyene itongo kandi ni we ajejwe kuritunganya.

Ingingo ya 20 :

Mu gihe ikibanza gakingiwe gitunganywa n'abikorera utwabo kibonetse kigashingwa mu kibanza inyungu z'abanyagihugu zica zibangamirwa, uwikorera utwiwe ategerezwa kuba afise urwandiko rw'amasezerano y'ugufashanya yagiriraniye n'abanyagihugu baho hamwe n' Ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza.

Ingingo ya 21 :

Uwujejwe ikibanza gikingiwe gitunganywa n'uwikorera utwiwe aramenyesha Reta ingene agitunganya n'ingene yashoboye kugikingira. Aja arashikiriza ivyegeranyo bivyerereye ku mwaka ku mwaka Ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza.

Agace ka 4. Ingene ibibanza bikingiwe bitunganywa n'imirwi y'abanyagihugu bitwarwa

Ingingo ya 22 :

Ibibanza bikingiwe bitunganywa n'imirwi y'abanyagihugu bitwarwa n'imirwi y'abanyagihugu bo mu micungararo, bakaba ari bo bafise ububasha bw'ugutwara n'ugutunganya ivyo bibanza.

Le financement de la gestion de l'aire communautaire reste dans les mains de la population locale, qui peut entrer en partenariat avec des bailleurs de fonds ou des ONG pour les appuyer dans leurs objectifs de conservation de la nature.

Article 23 :

La propriété de l'aire protégée communautaire et l'autorité de gestion sont du ressort de la communauté locale qui désigne un gestionnaire délégué et rémunère ses services.

Article 24 :

Le gestionnaire délégué de la communauté rend annuellement compte à la population locale avec copie à l'organisme en charge de la conservation de la nature.

Article 25 :

L'Etat, par l'entremise de l'organisme en charge de la conservation de la nature, participe dans le suivi et l'évaluation de l'aire communautaire qui doit avoir un plan de gestion et des objectifs y afférents.

CHAPITRE III. DES PLANS DE GESTION ET D'AMENAGEMENT DES AIRES PROTEGEES

Article 26 :

Pour chaque aire protégée, il est obligatoire d'élaborer, en consultation avec les parties prenantes, un plan de gestion et d'aménagement de l'aire protégée assorti des indicateurs de référence et de progrès.

Ce plan doit intégrer des programmes de développement autour des aires protégées comprenant les mesures incitatives suivantes :

Uburyo bukoreshwa mu gutunganya ikibanza gikingiwe gitunganywa n'imirwi y'abanyagihugu bushirwa mu minwe y'abanyagihugu bo muri ako karere bashobora gukorana n'abatanga uburyo canke amashirahamwe ategamiye Reta kugira babashigikire mu migambi yabo y'ukubungabunga ibidukikije.

Ingingo ya 23 :

Abanyagihugu bo mu kibanza gikingiwe gitunganywa n'imirwi y'abanyagihugu ni bo bakigaba bakongera bakagitunganya, bakagena uwubaserukira mu kugitunganya kandi bakamuhemba.

Ingingo ya 24 :

Uwuserukira abanyagihugu mu gutunganya ikibanza gikingiwe gitunganywa n'abanyagihugu bo muri ako karere arabamenyesha uko ibintu vyifashe, akaja araha ku mwaka ku mwaka ikopi y'ivyegeranyo vy'ibikorwa ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza.

Ingingo ya 25 :

Reta, ibicishije mw' Ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza, irafashanya n'abanyagihugu gukurikirana n'ugusuzuma ikibanza gikingiwe gitunganywa n'abanyagihugu bo muri ako karere, kigategerezwa kugira indinganizo y'ingene kizotunganywa n'intumbero bijanye.

IGICE CA III. IVYEREKEYE INDINGANIZO Y'IVYOTUNGANYWA N'IVYOKORWA MU BIBANZA BIKINGIWE

Ingingo ya 26 :

Ku kibanza cose gikingiwe, abo vyega bose barategura indinganizo y'ivyotunganywa n'ivyokorwa muri ako karere gakingiwe irimwo ibimenyetso vyerekana ko ivyategekanijwe bishirwa mu ngiro n'ingene bija biratera imbere.

Iyo ndinganizo y'ivyotunganywa n'ivyokorwa itegerezwa kubamwo imigambi y'iterambere ikorerwa mu micungararo y'ibibanza bikingiwe ituma abanyagihugu bitaho utwo turere , iyo migambi ikaba irimwo ingingo zikurikira :

- | | |
|---|---|
| 1) la promotion des droits d'usage qui ne dégradent pas l'aire protégée ; | 1) ugushira imbere uburenganzira bw'ugukoresha ikibanza gikingiwe budatuma ikibanza gikingiwe gitituka |
| 2) la promotion des alternatives aux ressources biologiques vulnérables dans les villages riverains ; | 2) ugushigikira isubirizwa ry'amatungo agizwe n'ibinyabuzima bihona mu mihana yo mu micungararo y'ikibanza gikingiwe; |
| 3) la promotion du développement socio-économique des milieux riverains ; | 3) ugushigikira iterambere mu vyerekeye imibano n'ubutunzi mu micungararo y'ikibanza gikingiwe. |
| 4) l'éducation et la sensibilisation en faveur des communautés riveraines des aires protégées. | 4) ugutanga inyigisho ku banyagihugu baba mu micungararo y'ibibanza bikingiwe n'ukubahiririza |

Section 1. De la promotion des droits d'usage

Article 27 :

Les droits d'usage sont des utilisations contrôlées de certaines ressources naturelles renouvelables de l'aire protégée. Ces droits d'usage sont exercés sans pour autant mettre en danger l'atteinte des objectifs de conservation.

Les méthodes d'utilisation rationnelle des ressources naturelles sont déterminées dans un plan d'exploitation.

Un tel plan élaboré de commun accord entre les gestionnaires des aires protégées et les représentants des populations riveraines doit être précédé d'une étude d'impacts de l'exploitation de la ressource.

Un mémorandum d'accord de droits d'usages et ses modalités d'application doit être signé entre l'organisme ayant la conservation de la nature dans ses attributions, le comité d'appui et la frange de la population concernée par ces droits pour une durée déterminée et limitée par des objectifs et indicateurs précis.

Agace ka mbere. Uburenganzira bw'ugukoresha ikibanza gikingiwe

Ingingo ya 27 :

Uburenganzira bw'ugukoresha ikibanza gikingiwe ni ugukoresha amatungo kama amwamwe yibwira yo mu karere gakingiwe kandi bigacungerwa. Uburenganzira bukoreshwa ku buryo butabuza ko intumbero y'ukubungabunga ayo matungo ishikwako.

Uburyo bubereye bw'ugukoresha amatungo kama yo mu karere gakingiwe bushingwa mu ndinganizo y'ingene akarere gakoreshwa.

Indinganizo nk'iyi igirwa yumvikanyweko n'abajejwe gutunganya uterere dukingwiwe hamwe n'abaserukira abanyagihugu baba mu micungararo, itegerezwa gutangurwa n'icigwa c'inkurikizi kw'ikoreshwa ry'amatungo kama.

Urwandiko rurimwo amasezerano y'ivyumvikanyweko yerekeye uburenganzira bw'ugukoresha uturere dukingwiwe n'ingene ashirwa mu ngiro rutegerezwa guterwako igikumu n'ishirahamwe rijejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza, ikomite ibikurikirana hamwe n'umurwi w'abanyagihugu ubwo burenganzira bw'ugukoresha ikibanza gikingiwe bwerekeye mu kiringo kinaka rurimwo intumbero n'ibimenyetso bitomoye.

Section 2. De la promotion des alternatives aux ressources biologiques vulnérables

Article 28 :

Si une ressource naturelle renouvelable d'une aire protégée est en danger connu ou prévisible dans une étude d'impact, des alternatives peuvent être envisagées pour les populations riveraines. Sont également concernées des ressources naturelles en dehors des aires protégées dont l'épuisement peut susciter l'envahissement des aires protégées par les communautés.

Section 3. De la promotion du développement socio-économique en faveur des communautés riveraines des aires protégées

Article 29 :

Les aires protégées doivent être considérées dans le plan global de développement et leur gestion doit aller de paire avec le développement du milieu humain riverain.

La gestion participative des aires protégées doit se préoccuper de l'amélioration du cadre et du mode de vie des communautés locales.

Article 30 :

Les recettes d'exploitation des aires protégées sont destinées à être réinjectées dans les activités de conservation de la nature ou de promotion du développement des milieux riverains aux aires protégées cogérées et celles gérées par l'Etat.

Article 31 :

Un programme de développement concerté auquel les différents partenaires de développement s'inscrivent est établi pour chaque aire protégée.

Agace ka 2. Ugushigikira isubirizwa ry'amatungo y'ibinyabuzima bihona

Ingingo ya 28 :

Iyo hari ikibangamiye amatungo kama yibwira yo mu karere gakingiwe kizwi canke gishobora gushika mu vyigwa vyerekeye inkurikizi kw'ikoreshwa ry'amatungo yo mu karere gakingiwe, ivyosubirira ayo matungo birashobora gutegekanirizwa abanyagihugu baba mu micungararo y'ako karere gakingiwe. Ibisubirizwa amatungo kama yibwira yo mu karere kadakingiwe, uguhona kwayo bishobora gutuma abanyagihugu baba mu micungararo y'ikibanza gikingiwe bakavogera birashobora kandi gutegekanirizwa abo banyagihugu.

Agace ka 3. Ugushigikira iterambere ry'abanyagihugu baba mu micungararo y'ikibanza gikingiwe vyerekeye imibano n'ubutunzi

Ingingo ya 29 :

Ibibanza bikingiwe bitegerezwa gutegekanywa mu mugambi w'iterambere ry'igihugu kandi itunganywa ryavyo ritegerezwa kujana n'iterambere ry'abanyagihugu baba mu micungararo.

Mw'itunganywa ry'ibanza bikingiwe rigirwa n'abajejwe ivyo bibanza bafadikaniye n'abanyagihugu baba mu micungararo yavyo hategerezwa kwitwararika guteza imbere kurusha uko vyahora aho baba n'imibereho yabo.

Ingingo ya 30 :

Amafaranga ava mw'ikoreshwa ry'ibanza bikingiwe gusubira gukoreshwa mu bikorwa vyo kubungabunga ibidukikije canke vy'ugushigikira iterambere ry'uturere turi mu micungararo y'ibanza bikingiwe bitunganywa na Reta canke ifadikaniye n'abanyagihugu bo mu micungararo.

Ingingo ya 31 :

Ikibanza cose gikingiwe kirategurirwa umugambi w'iterambere wumvikanyweko wemerwa n'abafasha mw'iterambere batandukanye.

Article 32 :

L'Etat prend des mesures économiques, fiscales et sociales en vue d'inciter ou d'encourager les personnes physiques ou morales, les associations d'utilité publique et les communautés locales à la sauvegarde des aires protégées.

Section 4. De l'éducation et sensibilisation en faveur des communautés riveraines des aires protégées

Article 33 :

Les pouvoirs publics veillent au renforcement de la capacité des populations dans le cadre d'une gestion participative des aires protégées.

TITRE III. DES DISPOSITIONS PENALES

CHAPITRE I. DE LA COMPETENCE ET DE LA PROCEDURE

Article 34 :

Sans préjudice des prérogatives reconnues par la Loi à l'Officier du Ministère Public par le Code de procédure pénale, les infractions aux dispositions de la présente Loi et ses mesures d'application sont constatées par des agents assermentés relevant du ministère ayant la conservation de la nature dans ses attributions, pour autant que ces derniers aient été nommés à cet effet, dans les ressorts territoriaux où ils exercent leurs fonctions.

Les procès-verbaux dressés par les agents assermentés font foi jusqu'à preuve du contraire.

Article 35 :

Les agents habilités à dresser des procès-verbaux ont le droit de saisir directement les instances judiciaires pour la répression des délits et contraventions en matière des aires protégées.

Ingingo ya 32 :

Reta irafata ingingo zose zijanye n'ubutunzi, amakori n'imibano kugira ihimirize abantu, amashirahamwe akora ku neza ya bose hamwe n'abanyagihugu bahegereye kubungabunga ibibanza bikingiwe

Agace ka 4. Ivyerekeye ukwigisha n'uguhimiriza abanyagihugu bo mu micungararo y'ibibanza bikingiwe

Ingingo ya 33 :

Abajewe intwari baritwararika ukwungura ubumenyi bw'abanyagihugu kubera uruhara bafise mw'itunganywa ry'ibibanza bikingiwe.

IKIGABANE CA III. INGINGO MPANAVYAHA

IGICE CA I. UBUBASHA BW'UGUKURIKIRANA IVYAHA N'INGENE BIKURIKIRANWA

Ingingo ya 34 :

Hatirengagijwe ububasha umushikirizamanza ahabwa n'ibitegekanijwe mu Gitabu c'amategeko agenga ingene imanza z'ivyaha zitohozwa, ziburanishwa n'ingene zicibwa, ivyaha vy'ukurenga ku bitegekanijwe n'iri bwirizwa no ku mategeko arishira mu ngiro bikurikiranwa n'abakozi bakukira Ubushikirananganji bujewe ibidukikije barahiriye iryo banga, mu gihe ari co bagenewe mu karere baranguriramwo imirimo yabo.

Ivyegeranyo vy'abakozi bavugwa mu gahimba ka mbere k'iyi ngingo biremerwa gushika habonetse ikibibeshuza.

Ingingo ya 35 :

Abakozi barekuriwe kugira ivyegeranyo barafise uburenganzira bwo kwitura buno nyene Sentare kugira ivyaha bisanzwe n'ivyaha bitoyi vyerekeye uturere dukingwiwe bihanwe.

Il en est de même pour la recherche et la saisie de tous les objets, matériels vendus ou achetés en fraude ou circulant en violation des dispositions de la présente Loi et de ses textes d'application.

Article 36 :

Les agents habilités à dresser des procès-verbaux visés à l'article 35 sont autorisés à :

- 1) pénétrer et circuler librement dans tous les lieux présentant le caractère de lieu public ;
- 2) saisir ou mettre en séquestre tous les objets, matériels constituant l'objet de l'infraction ou ayant servi à commettre cette infraction ;
- 3) procéder à des visites et perquisitions dans les maisons d'habitation, les bâtiments, les cours adjacents et les enclos sur autorisation d'un Officier du Ministère Public. En cas de refus, l'agent concerné en fait mention dans son procès-verbal ;
- 4) appréhender et conduire devant l'Officier du Ministère Public du ressort toute personne prise en flagrant délit d'infraction à la présente Loi et à ses mesures d'application ;
- 5) requérir la force publique pour la répression des infractions à la présente Loi et à ses mesures d'application et pour la saisie des produits illégalement détenus, transportés, vendus ou achetés ;
- 6) Consigner dans les procès-verbaux la nature, le lieu et les circonstances des infractions constatées, les éléments de preuve relevés et les dépositions des personnes ayant fourni des renseignements. Ces procès-verbaux font foi jusqu'à preuve du contraire et sont transmis dans les meilleurs délais à l'Officier du Ministère Public.

Ni ko kw'uko ku vyerekeye ukurondera n'ugufata ibintu vyose, ibikoreho vyagurishijwe canke vyaguzwe ku magendo canke bikwiragizwa biciye kubiri n'ibitegekaniywe muri iri bwirizwa no mu mategeko arishira mu ngiro.

Ingingo ya 36 :

Abakozi barekuriwe kugira ivyegeranyo bavugwa mu ngingo ya 35 barashobora :

- 1) kwinjira no gutembera mu mwidemvyo mu bibanza vyose vyagenewe abantu bose ;
- 2) gufata canke kwugarana ibintu vyose canke ibikoreho vyose bishingiyeko icaha canke vyafashije mu gukora ico caha.
- 3) gusaka mu mazu abantu babamwo, inyubakwa n'imbuga z'iruhande hamwe no mu nzitiro ku ruhusha rw'Umushikirizamanza. Mu gihe umuntu yanse ko bigirwa, umukozi abijewe arabishira mu cegeranyo ciwe ;
- 4) gufata umuntu wese afatanwe itonga arenze iri bwirizwa n'amategeko arishira mu ngiro no kubashikiriza Umushikirizamanza ;
- 5) gutaka abajejwe umutekano kugira bahashe abarenze iri bwirizwa n'amategeko arishira mu ngiro no kugira bafate ibintu bitunzwe bidacye mu mategeko, vyungurujwe, vyagurishijwe canke vyaguzwe ;
- 6) gushira mu vyegeranyo ubwoko bw'ivyaha vyakozwe, aho vyakorewe n'imvo zatumye bikorwa, ibigize icemezo vyerekenywe n'ivyashikirijwe n'abantu batanze inkuru. Ivyo vyegeranyo birizigirwa gushika habonetse ikibihinyuza kandi bica birungikirwa Umushikirizamanza bidateye.

Article 37 :

L'organisme en charge de la conservation de la nature est autorisé à transiger avant la poursuite des infractions aux dispositions de la présente Loi.

Article 38 :

Les juridictions compétentes pour connaître de telles affaires restent les tribunaux de droit commun à défaut de tribunaux spécialisées.

CHAPITRE II. DES PEINES**Article 39 :**

Est punie d'une amende de cent mille francs burundais à deux cent mille francs burundais ou d'un emprisonnement d'un mois à trois mois ou de l'une de ces peines seulement, toute personne qui, dans les aires protégées aura contrevenu aux interdictions portées par l'article 6 de la présente Loi.

Article 40 :

Tout manquement aux prescriptions de l'article 7 de la présente Loi est passible d'une servitude pénale de deux mois à six mois et d'une amende de deux cent mille à cinq cent mille francs burundais ou de l'une de ces peines seulement.

Article 41 :

Toute violation de l'article 8 de la présente Loi est passible d'une servitude pénale de trois mois à huit mois et d'une amende de deux cent mille à huit cent mille francs burundais ou de l'une de ces peines seulement.

Article 42 :

Est punie d'une servitude d'un mois à deux mois et d'une amende de cent mille à trois cent mille francs burundais ou de l'une de ces peines seulement, toute personne qui fait obstacle à l'exercice des missions confiées aux agents visés par les articles 35 et 36 de la présente Loi.

Ingingo ya 37 :

Urwego rujejwe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza kirarekuriwe kwumvikana n'uwakoze icaha imbere y'ugushingisha urubanza muri Sentare ku vyaha bihanwa n'iri bwirizwa.

Article 38 :

Amasentare afise ububasha bw'uguca imanza nk'izo ni amasentare asanzwe mu gihe atayahari agenewe guhana ivyaha bihanwa n'iri bwirizwa.

IGICE CA II. IBIHANO**Ingingo ya 39 :**

Umuntu wese arenze ku bitegekanijwe mu ngingo ya 6 ahanishwa ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi ijana gushika ku mafaranga ibihumbi amajana abiri n'umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mezi atatu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 40 :

Uwo wese arenze ku bitegekanijwe mu ngingo ya 7 y'iri bwirizwa ahanishwa umunyororo uva ku mezi abiri gushika ku mezi atandatu n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi amajana abiri gushika ku mafaranga ibihumbi amajana atanu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Ingingo ya 41 :

Uwo wese arenze ku bitegekanijwe mu ngingo ya 8 ahanishwa umunyororo uva ku mezi atatu gushika ku mezi umunani n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi amajana abiri gushika ku mafaranga ibihumbi amajana umunani canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Article 42 :

Uwo wese abereye intambamyi irangurwa ry'imirimu abakozi barangura ivugwa mu ngingo ya 35 n'iya 36 y'iri bwirizwa ahanishwa umunyororo uva ku kwezi kumwe gushika ku mezi abiri n'ihadabu riva ku mafaranga y'amarundi ibihumbi ijana gushika ku mafaranga ibihumbi amajana atatu canke igihano kimwe muri ivyo conyene.

Article 43 :

La condamnation pour violation des dispositions de la présente Loi ou des textes pris pour son application n'empêche pas la juridiction compétente d'imposer au condamné l'exécution des travaux et aménagements rendus nécessaires par la réglementation notamment la remise en état du site ou du milieu dégradé selon les modalités arrêtés par l'organisme en charge de la conservation de la nature.

Article 44 :

En cas de destruction du couvert végétal par les feux de brousse ou incendies d'origine criminelle, le contrevenant sera en outre condamné aux dommages et intérêts compensatoires. L'exécution de cette condamnation pourra être poursuivie par la voie de la contrainte par corps.

TITRE IV. DES DISPOSITIONS FINALES**Article 45 :**

L'Etat, par l'entremise de l'organisme en charge de la conservation de la nature, peut soumettre aux instances internationales compétentes comme l'UNESCO et le Secrétariat de la convention Ramsar sur les zones humides un dossier conséquent pour accéder à la désignation d'une aire protégée du Burundi de toute catégorie et de tout type de gouvernance notamment:

- Site du Patrimoine Mondial; ou
- Site Ramsar pour les zones humides.

Une telle dénomination supplémentaire ne modifie pas la catégorie ou le type de gouvernance reconnue par la Loi à chaque aire protégée.

Cette liste de dénominations n'est pas limitative ou exhaustive.

Article 43 :

Uguhana uwurenze ku bitegekanijwe n'iri bwirizwa canke amategeko arishira mu ngiro ntibubuza ko amasentare abifitiye ububasha ategeka uwahanwe gutunganya ibikorwa bitegekanijwe n'amategeko nko gusubiza aho hantu uko hari hameze canke gusubiza ahononekaye uko hari hameze hisunzwe ibitegetswe n'urwego rujewe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza.

Article 44 :

Mu gihe ishamba rihye biturutse ku muriro wa nyakanga canke ku muriro uturutse ku bukozi bw'ikibi, uwagiriye icaha ahanishwa kandi igihano c'ugutanga indishi ihuye n'ivyononekaye. Ishirwa mu ngiro ry'ico gihano rishobora kujana n' umunyororo w'agatsindikiro.

IGICE CA VII. INGINGO ZISOZERA**Ingingo ya 45 :**

Reta ibicishije ku rwego rujewe gukingira ibidukikije n'amashamba cimeza irashobora gushikiriza idosiye inzego mpuzamakungu zibifitiye ububasha nk'Ishirahamwe mpuzamakungu ryitaho indero, ubumenyi n'akaranga (UNESCO) n'Iburo vy'umunyamabanga ajejwe amasezerano y'i Ramsar yerekeye uturere tujaga kugira hashingwe ikibanza gikingirwa mu Burundi co mu murwi uwo ari wo wose n'umurwi gitunganyijwemwo nka :

- Ikibanza gikingiwe kiri ku rutonde rw'amatungo mpuzamakungu ;
- Ikibanza gikingiwe cerekewe n'amasezerano y'i RAMSAR yerekeye uturere tujaga.

Ukwita gutyo ntaco kwiyongera ku kuntu ikibanza kiba citwa ntaco bihindura ku murwi bisanzwe birimwo canke ingene bitwarwa vyemewe n'amategeko ku kibanza gikingiwe kimwekimwe cose.

Urwo rutonde rw'uko ikibanza gikingiwe citwa ntirugarukira aho.

Article 46 :

Les périmètres réservés aux aires protégées gérées par l'Etat ou cogérées avec les communautés locales ne sont susceptibles d'aucune cession ou concession à un titre quelconque.

Article 47 :

Lorsque les circonstances qui avaient imposé le classement en parcs ou réserves ont cessé d'en justifier le maintien, les terrains et tous autres biens classés pourront être désaffectés par voie de décret, après l'accomplissement des formalités et enquêtes rendant compte de l'inopportunité de maintenir le classement.

Article 48 :

Tous les cas non spécifiés par la présente Loi sont régis par les dispositions du Code de l'Environnement ou du Code Forestier de la République du Burundi.

Article 49 :

La délimitation des aires protégées est faite par décret.

Article 50 :

Toute disposition antérieure contraire à la présente Loi est abrogée.

Article 51 :

La présente Loi entre en vigueur le jour de sa promulgation.

Ingingo ya 46 :

Ibibanza bikingiwe bitunganywa na Reta canke Reta itunganya ifadikaniye n'abanyagihugu bo mu micungararo ntibishobora gutangwa canke gutizwa.

Ingingo ya 47 :

Mu gihe ivyatumye ikibanza gishirwa mu murwi w'impongore kama canke w'uturere kama dukingiwe bitakihari, isi n'ayandi matungo vyari muri iyo mirwi birashobora kugenerwa ikindi biciye mw'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu, habanje gutunganywa ibikenewe n'amatohoza yerekana ko bitagikenewe kuguma bikingiwe.

Ingingo ya 48 :

Ku bindi vyose bidatomowe n'iri bwirizwa, hakurikizwa ibitegekanywa n'ibwirizwa inomeru 1/10 ryo ku wa 30 Ruheshi 2000 ryerekeye Igitabu c'amategeko agenga ibidukikije mu Burundi canke Igitabu c'amategeko agenga amashamba.

Ingingo ya 49 :

Ukugena aho ikibanza gikingiwe kigera bica mw'itegeko ry'Umukuru w'Igihugu.

Ingingo ya 50 :

Ingingo zose zahahora ziteye kubiri n'iri bwirizwa zirafuswe.

Ingingo ya 51 :

Iri bwirizwa ritangura gushirwa mu ngiro kuva umunsi ritangarijweko.

Fait à Bujumbura, le 30 mai 2011

Bigiriwe i Bujumbura, ku wa 30 Rusama 2011

Pierre NKURUNZIZA

NKURUNZIZA Pierre

PAR LE PRESIDENT DE LA REPUBLIQUE,

KU BW'UMUKURU W'IGIHUGU,

VU ET SCILLE DU SCEAU DE LA REPUBLIQUE,

BIBONYWE KANDI BISHIZWEKO IKIMANGU CA REPUBLIKA,

LE MINISTRE DE LA JUSTICE ET GARDE DES SCEAUX,

UMUSHIKIRANGANJI W'UBUTUNGANE ASHINGURA IKIMANGU CA REPUBLIKA

Pascal BARANDAGIYE.-

BARANDAGIYE Pascal.-

